# ЖЫНАЯТЛАРДЫ КВАЛИФИКАЦИЯЛАЎДА НЫЗАМ ХУЖЖЕТЛЕРИН ТАЛЫҚЛАЎДЫҢ ӘХМИЙЕТИ

**Матмуратов Б. Дж.**
*Қарақалпақ мамлекетлик университети*

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 2022 жылдың 20 декабрь күни Олий Мәжлис ҳәм Өзбекстан халқына жоллаған Мүрәжатында инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаў мәмлекеттиң конституциялық миннетлемеси ретинде белгилениўи лазымлығын үстин жөнелис сыпатында көрсетип, **“Ҳеш кимниң умытыўға ҳаққы жоқ – нызам талаплары ҳәм инсан ҳуқықлары – биз ушын жоқары қәдирият”** деп айтып өтти[1]. Мәмлекетимизде нызам үстинлигин тәмийнлеў ҳәм суд-ҳуқық реформаларын әмелге асырыўды жаңа басқышқа алып шығыўда жынаят нызамшылығын жетилистириў үлкен әхмийетке ийе. Бүгинги күни жаңа редакциядағы Жынаят кодексиниң жойбары таярланып қәнийгелер ҳәм кең жәмийетшилик арасында додаланбақта.

Жойбарда жынаят нызамшылығы нормаларын унификациялаў; жынайый қылмыстың социаллық қәўиплилик дәрежеси ҳәм характерин белгилейтуғын альтернатив көрсеткишлерди енгизиў арқалы жынаятларды классификациялаў системасы ҳәм нормаларын қайта көрип шығыў; жазалар системасын ҳәм оларды тайынлаў механизмлерин қайта көрип шығыў, ескирген ҳәм заман талапларына жуўап бермейтуғын жаза түрлерин шығарып таслаў; тамамланбаған жынаят, жынаятқа қатнасыўшылық, жынаятты кайта ислеў институтларының өлшемлери ҳәм өзгешеликлерин анықластырыў арқалы жетилистириўге қаратылған нормаларды киргизиў нәзерде тутылған[2]. Нызамлардың дурыс ҳәм бир қыйлы орынлаўын тәмийнлеўде оның мазмун ҳәм мақсетин ҳәр тәреплеме тереңнен уйренип барыў талап етиледи. Бул барада жынаятты квалификациялаўдың илимий-теориялық тийкарлары тәлийматының әхмийети үлкен. “Квалификация” сөзи латын тилинде qualificatio – сыпат, facere- болса сол сыпатқа жеткенлик дәрежеси мәнисин билдиреди.

Белгили алым проф. М.Рустамбаев, “Жынаятларды квалификациялаўда исленген қылмыс юридикалық жақтан анализленеди: қастыянлық объекти анықланады, оның конкрет белгилерине сыпатлама бериледи, объектив ҳәм субъектив тәреплери, субъектти сыпатлаўшы белгилери анықланады, бундай анализ исленген қылмыста қандай жынаят қурамы бар екенлигин ҳәм усы қылмысты ислеген шахсты Жынаят кодексиниң қайсы статьясы менен жуўапкершиликке тартыў мүмкиншилиги ҳаққында бир пикирге келиўге жәрдем береди” деп айтып өтеди[3]. Рус илимпазы А. Турышевтың пикиринше жынаят қурамын тереҳ билмей турып, жынаят нызамына дурыс талықлаў бериў, жынаятты квалификикациялаў, шахсты жынаят жуўапкершилигине тартыў ҳәм әдалатлы жаза бериў мүмкин емес[4].

Демек, жынаятты квалификациялаў – бул исленген жынайый қылмыстың белгилери менен жынайый-ҳуқықый нормалард көрсетилген сол жынаят қурамы белгилериниң сәйкеслигин анықлаў ҳәм усы тийкарда туўры баҳа бериў. әлбетте жынаятты квалификациялаўдың өзине тән кыйыншылыклары да бар, себеби жынаят ҳуқықы теориясында ҳәм әмелиятында өзгеше көз қараслар аз емес. Илимниң ўазыйпасы оларды ҳәр тәреплеме тереҳ үйренип, нызамға тийкарланған ҳалда дурыс талыклаў бериў ҳәм бир жуўмаққа келиўден ибарат. Бул өз нәўбетинде нызамлардың анық, туўры ҳәм бирдей қолланылыўы ҳәм орынланыўына тийкар болады. Жынаятты дурыс квалификациялаўда нызамшылық, ҳақыйқатты анықлаў, нызамды анық, толық, дурыс ҳәм бирдей қолланыў, объективлик, әдалатлық, жуўапкершиликтиң сөзсиз болыўы принциплери басшылыққа алынады.

Айтып өтиў керек, хуқық тараўларында нызамлар ҳәм басқа ҳуқықый ҳүжжетлерди талықлаў мәселеси үлкен әхмийетке ийе. Бунда субъекти бойынша талықлаўдың тийкарғы төмендеги түрлери бар.

**1. Рәсмий талықлаў (аутентик).** Нызам ҳәм ҳуқықый ҳүжжетти қабыл еткен уйымлар тәрепинен талықлаў. Бул Парламент ҳәм басқа мәмлекетлик республикалық уйымлар. Жынаят кодексиниң «Атамалардың ҳуқықый мәниси» көрсетилген сегизинши бөлиминде айырым атамалардың мазмуны ашып берилген(талықлаў), олар статьяларды пайдаланыўда анықлық киргизиў ушын зәрур. Мысалы: көп болмаған муғдар - базалық есаплаў муғдарының отыз есесинен жүз есесине шекемги муғдар, анағурлым муғдар – базалық есаплаў муғдарының жүз есесинен үш жүз есесине шекемги муғдар, көп муғдар - базалық есаплаў муғдарының үш жүз есесинен бес жүз есесине шекемги муғдар, яки оғада көп муғдар-базалық есаплаў муғдарының бес жүз есеси ҳәм оннан артық болған муғдар.

Сондай ақ, Коммерциялық мақсет - физикалық ямаса юридикалық шахслар тәрепинен белгили бир жумыста пайда яки дәрамат алыўға қаратылған мақсет. Мәмлекетлик сырлар - мәмлекет тәрепинен қорғалатуғын ҳәм арнаўлы дизимлер менен шеклеп қойылған оғада әхмийетли, путкиллей сырлы ҳәм жасырын әскерий, сиясий, экономикалық, илимий-техникалық ҳәм басқа да мағлыўматлар. Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик сырлары: мәмлекетлик, әскерий ҳәм хызмет сырына бөлинеди. Яки, Көпшилик ушын қәўипли усыл - өрт қойыў, жарылыў, суў басыў ҳәм адамлардың қурбан болыўы ямаса көп муғдарда зыян жеткериў қәўпин туўдыратуғын басқа да усыллар.

Айтып өтиў керек, «көпшилик ушын қәўипли усыл» түсиниги бойынша Өзбекстан Республикасы Жоқары суд Пленумының «Қастан адам өлтириўге тийисли суд әмелияты ҳаққында»ғы 24.09.2004 жыл 13 санлы қарарының 10 бәнтинде де «Қастан адам өлтириў жынаятын ЖК 97-статьясы екинши бөлиминиң «д» бәнти бойынша, яғный басқа шахслардың өмири ушын қәўипли усылда исленген, деп квалификациялаў ушын, айыпкер белгили бир шахсқа қарата өлтириў қастын әмелге асырыў ўақтында басқа шахслардың өмирине де ҳақыйқый

қәўип туўдыратуғын усыл қолланып атырғанлығын (мәселен, адамлар жыйналған орынларда оқ атыў, жарылыў, өрт қойыў, жәбирлениўшиден басқа адамлар да пайдаланатуғын суўды ҳәм аўқатты зәҳәрлеў, газ жибериў аркалы буўыў ҳәм т.б.) аңлап жеткенлиги анықланған болыўы лазым» деп кеңирек көрсетип өтеди[5].

**2. Легал талықлаў (нызамлы).** Бул нызам менен ўәкиллик берилген ўйымның талықлаўы. Өзбекстан Республикасы Конституциясыны 133-статьясының 5 бәнтине муўапық, Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм нызамлары нормаларына түсиник береди. Мысалы: «Адвокатура ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы 10-статьясының төртинши бөлиминде «Адвокат нызамға муўапық физикалық ҳәм юридикалық тәреплерге юридикалық жәрдем көрсетиўи мүнәсибети менен жынайый, материаллық ҳәм басқа жуўапкершиликке тартылыўы ямаса оны қолланыў менен қорқытылыўы мүмкин емес», делинген. Тап усындай норма «Адвокатлық жумысының кепилликлери ҳәм адвокатларды социаллық қорғаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы 6-статьясының бесинши бөлиминде де нәзерде тутылған. Бул нормаларда «басқа жуўапкершилик» түсинигиниң қолланылыўы «басқа жуўапкершилик» дегенде нени түсиниў керек, деген сораўға жуўап бериўди талап етеди ҳәм сол себепли оларды талқылаў зәрүрлигин келтирип шығарады. Бәршеге мәлим, юридикалық жуўапкершиликтиң төмендеги түрлери бар: жынайый, пуқаралық, ҳәкимшилик, интизамый ҳәм материаллық жуўапкершилик.

Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды халықаралық ҳуқықтың улыўма тән алынған принциплери ҳәм нормаларының үстинлигинен келип шыққан халда 1990-жылы августта Жынаятлардың алдын алыў бойынша БМШның сегизинши Конгресси тәрепинен қабыл етилген «Адвокатлардың роли ҳаққындағы тийкарғы қағыйдалар»ы нормаларын басшылыққа алып төмендеги төмендегише Қарар кабыл етти ҳәм оған сәйкес: «Адвокатура ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы 10-статьясының төртинши бөлиминде ҳәм «Адвокатлық жумысының кепилликлери ҳәм адвокатларды социаллық қорғаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы 6-статьясының бесинши бөлиминде беккемленген норма нызамға муўапық адвокатқа юридикалық жәрдем көрсетилиўи мүнәсибети менен оны жынайый, пуқаралық, ҳәкимшилик, интизамий ҳәм материаллық жуўапкершиликке тартыў ямаса оны қолланыў қәўпи менен байланыслы болыўы мүмкин емеслигин белгиледи[6].

**3. Суд талықлаўы.** Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумы айырым ислерди көриўде суд-тергеў уйымлары тәрепинен қәте-кемшиликлерге жол қоймаў ҳәмде нызамды туўры ҳәм бирдей қоллаўды тәмийнлеў мақсетинде басшылыққа алыў ушын көрсетпелер берип қарарлар қабыл етеди. Мысалы: Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының «Парахорлық ислери бойынша суд әмелияты ҳаққында»ғы 1999 жыл 24 августтағы 19-санлы қарарының 15 бәнтинде - Егер айыпкер пара бериўшиден лаўазымлы шахсқа бериў ушын деп пара сыпатында пул ямаса басқа байлықларды алған болса ҳәм бундай қылмысты қәлемей, оларды өзлестирип жиберген болса, қылмыс алдаўшылық (ЖК 168 ст.)деп баҳаланыўы лазым. Ал егер, байлықларды қолға киргизиў мақсетинде пара бериўши олар тәрепинен пара бериўге ийтермеленген жағдайда айыпкердиң ҳәрекетлери алдаўшылықтан тысқары пара бериўге қызықтырыўшы сыпатында (ЖК 168 ст. ҳәм 28 ст. 4-б. - 211 ст.ст.) қосымша квалификацияланыўы керек. Пара бериўшиниң ҳәрекети бундай жағдайларда пара бериўге умтылыў (ЖК 25-210) деп квалификацияланыўы лазым болады. Бунда пара берилиўи тийис болған белгили бир лаўазымлы шахс айтылған ямаса айтылмағанлығы әҳмийетке ийе болмайды деп талықлаў берилген[7]. Сондай ақ, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 2007-жыл 27-июньдеги 6-санлы «Денеге қастан жарақат жеткизиўге тийисли ислер бойынша суд әмелияты ҳаққында»ғы қарарына Пленумының 2023-жыл 20-ноябрьдеги 30-санлы қарарына тийкарланып киргизилген өзгерисиниң 31 бәнтинде, «Денеге қастан тән жарақатын жеткериў ҳаялына (күйеўине), бурынғы ҳаялына (бурынғы күйеўине), бир хожалық тийкарында бирге жасап атырған шахсқа ямаса улыўма перзентке ийе болған шахсқа қарата жеткерилген болса, қылмыс ЖКниң $126^1$-статьясының тийисли бөлими менен квалификацияланады» деп талықлаў берилди.

Бунда: ерли-зайыплы - некеси пуқаралық ҳалаты актлерин жазыў уйымларында дизимге алынған шахслар; бурынғы ерли-зайыплы - некеси нызамда белгиленген тәртипте тоқтатылған ямаса ҳақыйқый емес деп табылған шахслар; бир хожалық тийкарында бирге жасап атырған шахслар - белгили бир шаңарақ ямаса үйде ерли-зайыплылық қатнасықларында жасайтуғын, улыўмалық мүлк ҳәм ақша қаржыларына ийелик етиўши еркек ҳәм ҳаял; улыўма перзентке ийе болған шахслар - өз ара мүнәсибетлери нәтийжесинде перзентли болған еркек ҳәм ҳаял түсиниледи” деп көрсетиледи[8].

Айрықша айтып өтиў керек, нызымды талықлағанда оның мазмунын өзгертиўге ҳеш бир басқа уйымға руҳсат етилмейди. Егер зәрүр болса бул өзгеристи тек ғана нызымды шығарыўшы (қабыл еткен) уйым әмелге асырыўы мүмкин. Мысалы: Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Суды Пленумының «Намысқа тийиў ҳәм жынысый мүтәжликти тәбийғый емес усылда қанаатландырыўға байланыслы ислер бойынша суд әмелияты ҳаққында»ғы 29.10.2010 -жылдағы 13-сан қарарының 2 бәнтинде «Намысқа тийиў дегенде (ЖК 118-статьясы), ҳаял жынысындағы шахс пенен оның еркине қарсы ямаса еркинен тысқары зорлық ислетип, қорқытып ямаса жәбирлениўшиниң әззилигинен пайдаланып, тәбийий усылда жынысый қатнас жасаў түсинилиўи лазым» деп көрсетиледи. Пленум бул карары менен ЖК 118 статьясындағы Намысқа тийиў жынаятында жәбиркеш тек ғана хаял адам болады деп түсиник береди. Лекин нызамда бул жынаят ҳаял жынысындағы шахсқа да, еркек жынысындағы шахсқа да қарсы ислетилиўи мүмкинлиги нәзерде тутылған.

Бундай қәтешиликке жол койылыўының бир неше себеби болыўы мүмкин. Айтып өтиў керек, бул редакциядағы нызам узақты мөлшерлеп ислеп шығылған. Себеби айырым батыс мәмлекетлерде бундай жынаят

бийзары ҳаял-қызлар тәрепинен еркек адамларға қарсы ислениў жағдайы бар. Лекин бизиң суд – тергеў әмелиятында ушыраспағанлағы себепли еркек адамларды жәбиркеш қатарынан алып тасламақшы болған. Бирақ, ЖК 118 статьясы 1 бөлими диспозициясының рус тилиндеги текстинде жәбиркешти «потерпевшего» деп көрсетилгенин Пленум инабатқа алмаған. Бул орыс тили граматикасында «средний род», демек еркек адамға да тийисли. Егер жәбиркеш тек ғана хаял болғанда «потерпевшей» деп жазылады. РФ ЖК 131 статьясында болса «потерпевшей» деп жазылған, демек жәбиркеш тек ғана хаял адам болыўы көрсетилген. (бундай жағдайлар грамматикалық ҳәм тарийхый талықлаў қағыйдаларында да айтылған).

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Суды Пленумының 20.11.2023-жылдағы 30-санындағы Қарары менен «бундай ҳәрекетлер ҳаял жынысындағы шахсқа да, еркек жынысындағы шахсқа да исленгенде келип шығады» деп өзгертилип, бул қәтешилик сапластырылды[8]. Жынаят ҳуқықы илиминде жынаятты субъекти бойынша квалификациялаўдың 2 түри бар: рәсмий ҳәм рәсмий емес квалификациялаў.

Рәсмий квалификациялаў – белгили бир жынайый ис бойынша арнаўлы ўәкилликке ийе болған сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд тәрепинен әмелге асырылады. Бул квалификациялаў белгили ҳуқықый ақыбетти келтирип шығарады, яғный гүмандар шахс жынаят жуўапкершилигине тартылады яки азат етиледи.

**Рәсмий емес квалификациялаў(доктринал)** – бул рәсмий емес адамлар тәрепинен, яғный илимий хызметкерлер, профессор-оқытыўшылар, магистрлер, студентлердиң қылмысты квалификациялаўы. Илимпазлардың пикир ҳәм усынислары олардың мийнетлеринде (монография, сабақлық, қолланба, мақала) көрсетиледи. Олардың пикир ҳәм усынислары суд-тергеў уйымлары тәрепинен де үйрениледи.

Ҳақыйқатында да, белгили белгили алым проф. Л.Д. Гауфман атап өткениндей, жынаятларды квалификациялаўда жынаят ҳуқықының ҳәр қыйлы көз қарастағы көп санлы машқалаларын өзинде жәмлеген, жынаят нызымының кемшиликлери ҳәм шийиленискен жерлери, теориялық концепциялардың анық яки анық емеслиги ҳ.т.б. анықланады[9].

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Олий Мажлис ва Ўзбекистон халқига Мурожаатномаси.20.12.222 й. // Халқ сўзи. 2022 йил 21 декабрь.
2. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Жынаят ҳәм жынаят-процессуал нызамшылығын түптен жетилистириў илажлары ҳаққында”ғы 14.05.2018 жылдагы ПҚ-3723сан Қарары// Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 15.05.2018 й., 07/18/3723/1225-сон, 01.10.2018 й., 06/18/5547/1975-сон)
3. Көриң.: М.Х. Рустамбаев. Жынаят ҳуқықы. Арнаўлы бөлим: Жоқары оқыў орынлары ушын сабақлық. – Нөкис, “Билим”. 2005-жыл. 7 – бет. М. Усмоналиев. Ҳозирги замон жиноят ҳуқуқи муаммолари. ўқув қўлланма. – Т.: ТДЮИ нашриёти, 2006. – 52- бет. А.К.Иркаходжаев, У.Ш.Холикулов. Научные основы квалификации преступлений. Учебное пособие. – Т.,ТГЮИ, 2006., Ф.Тахиров. Жинсий жиноятларни квалификация қилиш асослари. Монография. / Масъул муҳаррир: ю.ф.д., проф. М.Ҳ.Рустамбоев – Т.: ТДЮИ, 2006., Абдурасулова Қ.Р.Жиноятнинг махсус субъекти. – Т.: ТДЮИ, 2005., Р.А.Зуфаров. Порахўрликка қарши курашнинг жиноят ҳуқуқий ва криминологик жиҳатлари: Ўқув қўлланма. – Тошкент: ТДЮИ, 2007., Б.Д.Ахраров. Бошқарув тартибига қарши мансабдорлик жиноятлари учун жавобгарлик муаммолари: Юрид. фан. докт. дис. автореф. – Тошкент, 2008.
4. Турышев, А. А. Состав преступления: учеб. пособие / А. А. Турышев. — Омск: Омская академия МВД России, 2020. —5 бет. (улыўма104 б.). Көриң.: Герцензон А.А. Квалификация преступления. – М., 1947. – С.4.; Кудрявцев В.Н. Общая теория квалификации преступлений. 2-е изд. – М.,2004. , Куринов Б.А. Научные основы квалификации преступлений. – М.,1984.- 8 бет, Л.Д.Гаухман. Квалификация преступлений: закон, теория, практика. – М.: АО “Центр ЮрИнфоР”, 2001.-11 бет.
5. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг қарори, 24.09.2004 йилдаги 13-сон// Пленум карорлари –SU.UZ
6. Өзбекстан Республикасы Конституциялық судының усы қарары "Халқ сўзи" ҳәм "Народное слово" газеталарында жәрияланды. 2006 жыл 8- февраль //"Өзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами," 2006-ж., 6-7-сан, 40-статья;
7. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг қарори, 24.08.1999 йилдаги 19-сон// Пленум карорлари –SU.UZ
8. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг қарори, 29.10. 2010 йилдаги 13-сон// Пленум карорлари –SU.UZ
9. Л.Д.Гаухман. Квалификация преступлений: закон, теория, практика. – М.: АО “Центр ЮрИнфоР”, 2001.-11 бет


**Аннотация:** Ушбу мақолада жиноятларни квалификация қилишда қонун ҳужжатларини шарҳлашнинг аҳамияти, унинг илмий-назарий асослари ва суд-тергов амалиётидаги ўрни таҳлил қилинган. Муаллиф қонунларни шарҳлашнинг асосий турларига (расмий, легал, суд шарҳи) тўхталиб, Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари мисолида қонунчиликдаги қарама-қаршиликларни бартараф этиш ва нормаларни аниқ, тўғри ҳамда бир хилда қўллашнинг ҳуқуқий механизмларини ёритиб берган.

**Калит сўзлар:** жиноятни квалификация қилиш, қонунларни шарҳлаш, расмий шарҳ, легал шарҳ, суд шарҳи.

**Аннотация:** В данной статье анализируется значение толкования нормативно-правовых актов при квалификации преступлений, его научно-теоретические основы и роль в судебно-следственной практике. Автор рассматривает основные виды толкования законов (официальное, легальное, судебное) и на примере постановлений Пленума Верховного суда Республики Узбекистан раскрывает правовые механизмы устранения разночтений в законодательстве, а также точного, правильного и единообразного применения правовых норм.

**Ключевые слова:** квалификация преступлений, толкование законов, официальное толкование, легальное толкование.

**Abstract:** This article analyzes the importance of interpreting legal documents in the qualification of crimes, its scientific and theoretical foundations, and its role in judicial and investigative practice. The author discusses the main types of legal interpretation (official, legal, judicial) and, using the resolutions of the Plenum of the Supreme Court of the Republic of Uzbekistan as examples, explains the legal mechanisms for eliminating ambiguities in legislation and ensuring the accurate, correct, and uniform application of legal norms.

**Keywords:** qualification of crimes, interpretation of laws, official interpretation, legal interpretation.